

Pedalan
Wanda
Anyar

Nepangkeun **AHMADIYAH**

SADKAR



{ Neratja
Press

Pedalan
Wanda
Anyar

Nepangkeun AHMADIYAH

SADKAR

{Neratja
Press

Nepangkeun Ahmadiyah
Sadi'an Kartawidjaya (SADKAR)
Ukuran 14.8 x 21 cm. vi+28 halaman

Panyaluyu Basa : Bubun Basyariat Sadkar
Panata Rupa : Dadang Nasir

Citakan ka-1 : 1969
Citakan ka-2 : 1972
Citakan ka-3 : 1982
Citakan ka-4 : 1988
Citakan ka-5 : 1991
Citakan ka-6 : 1992
Citakan ka-7 : 2019 (Edisi Pedalan Wanda Anyar)

Penerbit: 
Email : neratja@gmail.com

ISBN: 978-602-0884-49-3

PANGAJAP

Sagala puji sinareng syukur disanggakeun ka Allah^{swt} anu parantos maparin kurnia-Na kanggo medalkeun deui buku “Nepangkeun Jemaat Ahmadiyah.” dina citakan anu ka-7 ieu. Shalawat sinareng salam mugia teras ngagolontor ka jungjungan alam, nu mulya Nabi Muhammad^{saw}.

Anu janten udagan kanggo medalkeun deui buku ieu, dipiharep sangkan tiasa maparinan informasi anu lengkep langsung ti sumberna kana perkara naon sareng kumaha ari Jemaat Ahmadiyah téh. Anu ceuk émutan, danget ieu kaseuseueuran nu sumebar di masarakat dumasar kana informasi cenah ceuk cenah.

Dina kasemptan ieu, teu hilap ngahaturkeun jazakumullah ka kulawarga almarhum bapa Sadkar anu parantos maparinkeun naskah buku ieu anu sakaligus ogé maparin widi kanggo diterbitkeun deui sareng ditambihan ku data kiwari. Mugia kumedalna buku ieu janten amal jariyah, sarta pahalana teras ngocor kanggo almarhum bapa Sadkar kalih paraputra-putuna.

Jazakumullah ogé dihaturkeun ka sakumna pihak anu parantos ngarojong dina garapan ieu. Mugia Allah^{swt} maparin ganjaran nu manglipet ganda kanggo urang sadaya ogé kulawarga kana pangorbanan ieu, boh pangorbanan harta, emutan ogé tanaga.

Pamungkas, mugia buku ieu tiasa maparin mangpaat anu saageung-ageungna kanu maosna, ogé mugia Allah^{Swt} maparin topék sareng hidayah-Na kanggo urang sadaya, Aamin!

Bandung, November 2019
Sekretaris Isyaat PB

Mahmud Mubarik

Daftar Eusi

Pangjajap	iii
Daftar Eusi	v
NEPANGKEUN JEMAAT AHMADIYAH	1
1. Nepangkeun	1
2. Naon Ari Ahmadiyah?	2
3. Kapercayaan Sareng Kayakinan Ahmadiyah	3
A. Naon Agamana?	3
B. Naon Kitab Sucina?	4
C. Saha Nabina?	6
D. Kumaha Rukun Imanna?	8
E. Kumaha Rukun Islamna?	8
F. Kumaha Syahadatna?	8
G. Kumaha Puasana?	9
H. Kamana Kiblatna?	10
A. Kumaha Munggah Hajina?	10
4. Dimana Puseurna Ahmadiyah?	11
5. Saha Pingpinan Puseurna?.....	11
6. Dimana Sumebarna Ahmadiyah?	13
7. Naon Bentenna Ahmadiyah ti nu Sanés?	19
8. Muslim Television Ahmadiyah	22
Jangji Bé'at Jema'at Ahmadiyah	23
Sababaraha Alamat Jemaat Ahmadiyah di Priangan	27



NEPANGKEUN JEMAAT AHMADIYAH

1. NEPANGKEUN

Sanajan sering patepang, ari teu papada wawuh mah, tetep baé paharé-haré, itu-itu ieu-ieu.

Sakitu téh alus kénéh. Cilakana upami silihcuriga, nyangka kitu nyangka kieu, padahal tacan kantenan.

Cara kitu rupina mah anggapan ti balaréa ka Jema'at Ahmadiyah, warawuh nanging teu wanoh, uninga nanging teu loma.

Ku kituna, kaémut taya lepatna saupami Ahmadiyah seja mayunan nepangkeun, sangkan teu disaha-saha. Teu mustahil ngajadi marga lantaran kabukana

kawargian, sakocoran sapancuran. Teu mustahil lebet kana paripaos deukeut-deukeut anak taleus. Atanapi lebet kana kacapangan : Teu wawuh wuwuh pajauh, teu loma tambah paanggang.

2. NAON ARI AHMADIYAH

“Jema’at Ahmadiyah” téh ngaran gerakan Agama Islam, nu diadegkeun ku Allah^{swt}, perantaraan Hazrat Mirza Gulam Ahmad^{a.s.}, nu diselir Imam Mahdi sareng Masih Mau’ud ku Allah^{swt}.

Gerakan Ahmadiyah ngawitan naratas ka Indonesia taun 1925 ka Tapaktuan (Aceh), teras Padang, Medan, Jakarta (1930), ti dieu nyebar ka sakuliah Indonesia. Taun 1953 diangken Hak Badan Hukum ku Pamaréntah Republik Indonesia kalawan Surat Keputusan Menteri Kehakiman tgl. 13 Maret 1953 No. J.A.5/23/13. Tambahan Berita Negara RI tgl. 31 – 3 – 1953 No. 26 kalawan ngaran resmina “DJEMAAT AHMADIYAH INDONESIA”.

Ku diangkenna ngagaduhan Hak Badan Hukum ku Pamaréntah, nétélakeun, yén Ahmadiyah ngagaduhan hak hirup sareng ngagaduhan hak ngalakukeun kgiatanana di sakuliah nagara Republik Indonesia, dina widangna, sakumaha anu ditétélakeun dina Anggaran Dasarna.

Ahmadiyah sanés PARTAI POLITIK, sanés kudu

tunggang partai politik. Malah sanés organisasi massa anu diadegkeun ku manusa biasa sapertos halna organisasi-organisasi massa séjénna.

Garapan Ahmadiyah sanés marebutkeun kalungguhan kadunyaan. Sanés marebutkeun korsi. Sanés marebutkeun kabeungharan.

Ahmadiyah malulu ngagarap karohanian, ngahirupkeun sareng nyebarkéun ajaran agama, dina hal ieu ajaran Agama Islam.

3. KAPERCAYAAN SARENG KAYAKINAN AHMADIYAH

A. NAON AGAMANA?

Agama nu dianut ku Ahmadiyah nya éta AGAMA ISLAM.

Ahmadiyah percanten kalawan yakin kana benerna firman Allah^{swt} dina Al-Quran:

اللَّيْوَمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَنَّمَا تُعَلَّمُ كُمْ نِعْمَتِي
وَرَضِيَتِ لَكُمُ الْإِسْلَامُ دِينًا

(Alyauma akmaltu lakum diinakum wa atmamtu 'alaikum ni'matii wa rodhiitu lakumul islaama diinaa)

nu hartosna:

“Poé ieu Kami (Allah) geus nyampurnakeun agama maranéh keur maranéh, jeung geus ngalengkepkeun ni’mat Kami pikeun maranéh, jeung geus mikarido Agama Islam pikeun jadi Agama maranéh”
(QS. Al-Maidah, 5:4)

إِنَّ الدِّينَ عِنْدَ اللَّهِ الْإِسْلَامُ
(Innaddiina ‘indalloohil Islaam)

nu hartosna :

“Saenya-enyana Agama nu dipikarido ku Allah nya éta Agama Islam ... ” (QS. Ali Imron, 3:20)

وَمَنْ يَتَنَعَّمْ بِغَيْرِ الْإِسْلَامِ دِيْنًا فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي
الْأُخْرَةِ مِنَ الْخَاسِرِينَ

(Wa mayyabtaghi ghoirol islaami diinan falayyyuqbala minhu wahuwa fil aakhiroti minal khoosiriin)

nu hartosna :

“Jeung sing saha nu milari agama salian ti Agama Islam, manéhna moal meunang naon-naon, malah ahirna manéhna bakal kaasup kana golongan jalma-jalma nu rugi.” (QS. Ali Imron, 3:86)

B. NAON KITAB SUCINA?

Kitab Sucina Ahmadiyah nya éta: **AL-QURAN**. Ahmadiyah percanten kalawan yakin kana benerna

firman Allah^{swt}:

ذلِكَ الْكِتَابُ لَا رَبِّ لَهُ فِيهِ هُدًى لِّلْمُتَّقِينَ

(dzaalikal kitabu laa roiba fih, hudal lil muttaqin)

nu hartosna :

“Nya ieu Kitab Suci Al-Quran nu eusina teu aya kamangmanganana, pituduh pikeun jalma-jalma taqwa” (QS. Al-Baqarah 2:3)


الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَنْزَلَ عَلَى عَبْدِهِ الْكِتَابَ وَلَمْ يَجْعَلْ لَهُ عِوْجَانًا

(Alhamdulillaahil ladzii anzala ‘alaa a’bdihil kittaba wa lam yaj’allahuu ‘iwazaa)

nu hartosna :

“Sagala puji kagungan Allah, nu geus nurunkeun Kitab (Al Quran) ka abdi-Na (Nabi Muhammad^{saw}) anu éta Kitab teu aya kasalahana saeutik ogé”

(QS. Al-Kahfi, 18:2)



Tarjamah Al-Quran dina sanes kanten basa di dunya nu disebarkeun ku Ahmadiyah

تَنْزِيلُ الْكِتَابِ مِنَ اللَّهِ الْعَزِيزِ الْحَكِيمِ

(tanjiilul kitaabi minalloohil ‘aziizil hakiim)

nu hartosna :

“Kitab Suci Al Quran téh ti Allah nu Maha Gagah jeung
Maha Wijaksana” (QS. Al- Ahqaf, 46:2)

وَالْكِتابُ الْمُبِينُ - إِنَّا أَنْزَلْنَاهُ فِي لَيْلَةٍ مُّبَارَكَةٍ

(wal kitaabil mubiin - Innaa anzalnaahu fii lailatim
mubaarakatin)

nu hartosna :

“Demi Kitab Suci Al Quran nu kacida pertélana.
Saenyana Kami geus nurunkeun éta Quran dina
peuting nu pinuh ku kabarkatan ... ” (QS. Ad-Dukhan,
44 3-4).

Surat-suratna aya 114 surat, dibagi jadi 30 juz. Sakum
ayat-ayatna teu aya nu Mansukh.

C. SAHA NABINA?

Nabi urang Ahmadiyah nya éta **NABI MUHAMMAD^{saw}**.
Ahmadiyah percanten kalawan yakin kana benerna
firman Allah^{swt}:

هُوَ الَّذِي بَعَثَ فِي الْأُمَمِينَ رَسُولًا مِّنْهُمْ

(Huwal ladzii ba'atsa fil ummiyyiina rosuulam minhum)
nu hartosna :

“Allah geus ngangkat (nyelir) Nabi (nya éta Muhammad^{Saw}) di kalangan jalma-jalma ummiyyin (nu teu barisaeun maca jeung nulis) salah saurang ti maranéhanana” (QS. Al-Juma'ah 62:2)

قُلْ يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنِّي رَسُولُ اللَّهِ إِلَيْكُمْ جَمِيعًا
(Qul yaa ayyuhannaasu innii rosuululloohi ilaikum jamii'an)

nu hartosna :

“Kedalkeun (ku hidup Muhammad) : Hé, jalma-jalma, saenyana kaula téh Rasul Allah keur maranéh saréréa”
(QS. Al-A'raf, 7:159)

وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا كَافَةً لِلنَّاسِ
(Wa maa arsalnaaka illaa kaaffatallinnaasi)

nu hartosna :

“Kami ngutus hidup (Muhammad) keur sakumna umat.” (QS. As-Saba, 34:28)

وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا رَحْمَةً لِلْعَالَمِينَ

(Wa maa arsalnaaka illaa rohmatallil 'aalamiin)

nu hartosna :

“Kami ngutus hidup (Muhammad) pikeun jadi rahmat

keur sakuliah alam” (QS. Al-Anbiya, 21:108)

D. KUMAHА RUKUN IMANNA?

Rukum Iman Ahmadiyah, Rukun Iman anu genep :

1. Percaya kana ayana Allah
2. Percaya ka sakabéh malaikat Allah
3. Percaya ka sakabéh kitab Allah
4. Percaya ka sakabéh rasul Allah
5. Percaya kana ayana poé akhirat
6. Percaya kana taqdir

E. KUMAHА RUKUN ISLAMNA?

Rukun Islam Ahmadiyah, Rukun Islam anu lima :

1. Syahadat
2. Sholat
3. Zakat
4. Puasa
5. Munggah Haji

F. KUMAHА SYAHADATNA?

Syahadat urang Ahmadiyah:

أَشْهُدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَشْهُدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللَّهِ
asyhadu alla ilaaha illallaahu wa asyhadu anna
Muhammadarrasulullah.

Sholat fardu urang Ahmadiyah lima kali dina sapoé sapeuting: Isya, Shubuh, Lohor, Ashar, Maghrib.

- Isya 4 rakaat
- Shubuh 2 rakaat
- Lohor (zhuhur) 4 rakaat
- Ashar 4 rakaat
- Maghrib 3 rakaat

Sholat Sunatna :

- 2 rakaat ba'da isya
- 2 rakaat qobla subuh
- 4 rakaat qobla lohor, 2 rakaat ba'dana
- 2 rakaat ba'da maghrib

Sholat Nawafil sejénna :

- 3 rakat (witir) ba'da Isya
- Tahajjud
- Idul Fitri (1 Syawal) 2 rakaat
- Idul Adha (10 Rayagung) 2 rakaat
- Sareng nawafil sejénna. Kalebet ogé tarawéh.

G. KUMAHA PUASANA?

Ahmadiyah ngalakonan puasa wajib dina bulan Puasa (Ramadhan), lamina sasasih, sakumaha nu diparéntahkeun dina Kitab Suci Al-Quran Surat Al-Baqarah : 184 – 187.

Salian ti puasa wajib, ngalakonan ogé puasa sunat, nurutkeun perluna.

H. KAMANA KIBLATNA?

Kiblat urang Ahmadiyah ka Ka'bah nu di Mekah. Teu ngagaduhan Kiblat deui, salian ti éta.

I. KUMAHA MUNGGAH HAJINA?

Munggah haji urang Ahmadiyah (nu nyukupan syarat-syaratna) ka Mekah, sareng ziarah ka makam Nabi Muhammad^{Saw}, di Madinah. Teu ngagaduhan deui tempat munggah haji salian ti Mekah.



Haji Abdul Basit (paling katuhu) Amir Jemaat Ahmadiyah Indonesia munggah hajina ka Baitullah di Mekah.

4. DIMANA PUSEURNA AHMADIYAH?

Dina waktos diadegkeunana, puseurna téh di Qadian (Qad'ah) India.

Kumargi waktos India dibagi jadi dua nagara (India & Pakistan) dina taun 1947, Qadian lebet ka wilayah India, nya harita puseur Ahmadiyah téh ngalih ka Rabwah, wilayah Pakistan Kulon (West Pakistan) tug dugi ka kiwari.

5. SAHA PINGPINAN PUSEURNA?

Dina nalika jumeneng kénéh Imam Mahdi^{a.s.} nya anjeunna ku anjeun.

Sabada anjeunna tilar dunya (taun 1908) dipingpin ku Khalifahna nu kahiji (Khalifatul-Masih Awwal) nu jenengan Hazrat Haji Hakim Nuruddin^{r.a.}.

Pamandangan Kota Rabwah, Puseur Jemaat Ahmadiyah di Pakistan, ti kaanggangan



Anjeunna pupus dina taun 1914. Digenitos ku Hazrat Haji Mirza Basyiruddin Mahmud Ahmad^{r.a.} jadi Khalifah kadua (Khalifatul-Masih Tsani). Anjeunna téh putra Imam Mahdi^{a.s.}.

Taun 1965 digentos ku Khalifah katilu (Khalifah Masih Tsalits), Hazrat Mirza Nasir Ahmad MA,^{r.a.}, putra Khalifatul Masih kadua, putuna Imam Mahdi^{a.s.}.



Anjeunna pupus dina taun 1982, digentos ku Khalifah kaopat (Khalifatul Masih Rabi'), Hazrat Mirza Tahir Ahmad^{r.h.a.}, rai Khalifatul Masih katilu, putu Imam Mahdi^{a.s.}.

Anjeunna pupus dina kaping 20 April 2003, digentos ku Khalifah kalima Hz. Khalifatul Masih V^{atba} Sahibzada Mirza Masroor Ahmad nu mangrupi buyut ti pendiri Jemaat Ahmadiyah Hz. Mirza Ghulam Ahmad^{a.s.}.

6. DIMANA SUMEBARNA AHMADIYAH?

Ahmadiyah sumebar di sakuliah dunya, di lima buana: Éropa, Amerika, Asia, Afrika, Australia. Dugi kaayeuna tos sumebar di 213 nagara, jumlah anggotana kirang langkung 150 juta. Urang sadayana percanten yén Islam téh Agama kanggo sakuliah dunya, kanggo sagala bangsa, teu pilih kulit teu pilih kabangsaan. Sanggem basa kiwari mah Agama Universal.

Sawadina disebarkeunana ogé kedah ka sakuliah dunya, ulah kauger ku wates kanagaraan.

Kanggo Indonesia puseur pingpinanana ayana di Jl. Raya Parung – Bogor No. 27, PO BOX 33/Pru, Bogor 16330.

Alhamdulillah ku kagijatan para Mubaligin (utusan-utusan) Ahmadiyah parantos seueur para panganut agama séjén nu lalebet Islam.

Kanyataan teu tiasa dipungkir, yén mung Ahmadiyah hiji-hijina anu aktip nyebankeun Mubaligh-mubalighna. Hal ieu diangken, sanajan ku pihak nu teu nyatujuan.

Diantawisna tiasa diaos pangangkenan Dr. H. Rasul (Dr. Haji Abdul Karim Amrullah), ramana Dr. Hamka, dina Kitabna (*Al-Qaulusshahih*) huruf Arab, kaca 238, padahal anjeunna teu kinten ngamusuhna ka Ahmadiyah. Saur anjeunna:


“Kalawan asma Islam jeung kaum Muslimin,



Pemandangan Shalat 'Id Jama'ah Ahmadiyah di Afrika

kuring muji ka gerakan Ghulam Ahmad katut kaum Ahmadi, tina hal maranéhanana loba narik kaum Nasrani Kristen arasup Agama Islam, di Hindustan jeung di séjén-séjén tempat.”

Zainuddin Labai, anu ogé pohara ngamusuhna ka Ahmadiyah, parantos nyerat dina Majalah “Al-Munir” tanggal 23 Désémber 1923 kieu :



Gambar nu iuhur, Raja Faisal bin Abdul Aziz, ti Arab Saudi nalika kunjungan ka Masjid Ahmadiyah di London, tahun 1935. Gambar nu handap, Masjid Baitul Futuh, Masjid pang ageungna di Eropa Barat nu diwangun ku Ahmadiyah

“Tina hal kaum Ahmadiyah pinter nyebarkeun agama Islam jeung pinter narik para panganut Kristen kana Islam, leuwih tiheula kuring pohara mujina karana maranéhanana téh gedé jasana pikeun Islam.”

Dina Almanak Muhammadiyah, kaluaran taun 1347 H. kaca 42 aya seratan kieu :

“Mubaligh-mubaligh ti Ahmadiyah nu maratuh diditu (di Éropa) pohara giatna nyebarkeun Agama Islam jeung nyebarkeun ajaranana, kitu jeung kitu saterusna, dituturkeun kunu sapandeurieunana, nepi ka diantara Mubaligh-mubalighna aya nu nuju ka puseurna kaum Kristen di Roma, rék di Islamkeun.”

Syekh Muhibuddin Al-Khatib, salah sawios tokoh di



Pemandangan di salah sahiji Masjid Ahmadiyah di Amerika

Mesir, parantos nyerat dina Serat Kabar “Al-Fatah” 20 Jumadil-Aakhir 1351 H, nomor 315, kieu :

“Sanggeus kuring nengetan, nyata jeung tépéla yén gerakanana (Ahmadiyah) pohara hébatna. Maranéhanana ngutarakeun kalawan ludeung jeung teuneung, boh ku tulisan boh ku lisan, dina rupa-rupa basa, jeung geus nguatan propaganda ku jalan ngorbankeun harta bandana, boh di tatar Wétan atawa di tatar Kulon, di unggal nagara jeung di rupa-rupa bangsa.”

Maranéhanana geus ngatur kumpulan-kumpulanana, ngahébatan panaratasna, keur nguatan garapanana, nu akhirna dug-deg



Pemandangan di salah sahiji Masjid Ahmadiyah di Canada

puseur-puseur pertablégan maranéhanana di Asia, Éropa, Amerika jeung Afrika anu nandingan kumpulan-kumpulan dina widang élmu pangaweruh katut kagiatanana.

Tapi lamun ditilik dina widang pangaruh jeung kauggulan, teu bisa lamun maranéhanana disaruakeun jeung urang Kristen, karana maranéhanana kaum Qadian jauh leuwih unggul, sabab nya dina dampal leungeun maranéhanana ayana hakékat-hakékat Islam katut hikmahna ogé.

Naha henteu jadi kawajiban ka sakumna kaum Muslimin pikeun ngabersihan uteuk urang Eropa anu palinter (alim ulama) jeung ogé anu beunghar di kalangan kaum Muslimin.

Tapi saha ayeuna anu teuneung nangtung ngabasmi éta kapercayaan-kapercayaan anu salah?

Teu saurang-urang acan, kajaba kaum Qadian. Nya maranéhna anu wani ngaluarkeun harta bandana jeung ngorbankeun jiwa ragana keur kaperluan éta. Sanajan para pamingpin cocorowokan nepi ka peura, jeung sanajan narulis nepi ka ancur péna-pénana, tapi tangtu maranéhanana moal sanggup ngumpulkeun jelema di unggal nagara Islam, najan ukur sapersapuluhna tina nu geus dilakukan ku golongan (Qadian) nu sakitu leutikna.”

Surat Kabar “TIMES” di Nigeria tanggal 27 Pebruari 1958 nyerat :

“Jama’at Ahmadiyah ngagunakeun cara saperti nu geus biasa digunakeun ku Padri-padri Kristen dina hal nyebarkeunana Agama Islam. Jeung nyata pisan kabuktian, di Nagara-nagara tatar Kulon Jama’at Ahmadiyah kacida pesatna, leuwih pesat tibatan Kristen.”

7. NAON BÉNTENNA AHMADIYAH TI NU SANÉS?

Saleresna dina dasarna Ahmadiyah teu aya béntenna sareng golongan Islam nu sanés. Mung kalawan Kurnia Gusti Nu Maha Suci, Ahmadiyah ngagaduhan hiji Imam anu teras-tumeras, ti kawit Imam Mahdi a.s. nu diteraskeun ku para Khalifahna: kahiji, kadua, katilu, kaopat sareng kalima (anu ayeuna). Ku berkahna tumut ka hiji Imam éta tiasana Ahmadiyah nyebar ka mana-mana, tur tiasa ngagaduhan panganut anu pinuh ku rasa tanggung jawab dina nyebarkeun agama Islam.

Kalayan didadasaran ku kacintaan nu teu aya hinggana sareng kangen kana kamajengan agama Islam, hoyong ningal sampurnana dawuhan Rosululloh^{saw}. “Al-Islaamu ya’lu wala yu’la alaihi” yén Islam bakal unggul sarta moal tiasa diélékheun, urang Ahmadi henteu bosen-bosen ngaluarkeun sagala

pangorbanana anu mangrupa harta, tanaga sareng sajaba ti éta.

Rupina Allah anu Maha Rahim nampi kana pangorbanan urang-urang Ahmadiyah sanaos sakumaha alitna ogé, da buktina Jamaat Ahmadiyah ayeuna parantos tiasa nyebarkeun misina ka sakuliah dunya. Masjid-masjid teras-terasan diadegkeun. Sanés baé di nagara-nagara nu pangeusina seuseueurna urang Islam, malah di nagara-nagara Éropa ogé parantos seueur ngadegkeun masjid-masjid sapertos di London, Hamburg, Frankfurt, Den Haag, Zurich sareng Kopenhagen. Nya kitu deui di Washington, Chicago, Pittsburgh sareng Dayton di Amerika. Sumawonna di Afrika mah anu tadina jadi tempat sumebarna agama Kristen, ayeuna diditu parantos hirup kalayan pinuh pangharepan.

Supados bangsa-bangsa anu teu tariasaen basa Arab jadi aruninga kana kasampurnaan ajaran Al-Quran, Ahmadiyah parantos ngusahakeun tarjamah Al-Quran kana rupi-rupi basa sapertos : Inggris, Spanyol, Jerman, Walanda, Denmark sareng basa-basa sanésna. Danget ieu, parantos langkung ti 100 basa tarjamah Al-Quran anu parantos medal. Di Indonesia, salain ti basa Indonesia diterbitkeun ogé dina basa Sunda sareng Jawa.

Hasil anu sakitu gilang gumilangna téh, anu teu tiasa kahontal sanaos ku nagara-nagara Islam nu arageung, bet tiasa dilaksanakeun ku usaha Jamaat Ahmadiyah.

Hal ieu teu aya sanés wiréh urang-urang Ahmadiyah yakin kana dawuhan Kanjeng Nabi Muhammad^{Saw}, “*Talzam jama’atul muslimina wa imamahum*”, anu hartosna, urang kedah nyepeng masing pageuh Jamaah Muslimin sareng Imamna.

Rupina sakadar nepangkeun urang cekapkeun ku sakieu baé heula, salajengna kanggo nu palay maluruh nu langkung paos, tiasa hubungan sareng urang-urang Ahmadiyah nu caket atanapi ka pangurus-pangurus Cabangna.

Jema’at Ahmadiyah nyanggakeun samudayaning keterangan ringkes ieu, supados jadi bahan pamaluruhan nu sepi tina paksaan, margi sadayana pada terang dina Agama Islam mah teu aya paksaan, mung parantos jelas bédana antara pituduh sareng kasasaran, sakumaha dawuhan Allah^{swt} dina Al-Quran : "*Laa ikrooha fiddiin*".

8. MUSLIM TELEVISION AHMADIYAH

Kalawan ngagunakeun genep satelit dunya, kiwari pikeun nyebarkeun Syi'ar Islam, pikeun nyebarkeun kaagungan Allah^{swt}, kamulyaan Nabi Muhammad^{Saw}, sarta ngagero umat manusa di sakuliah dunya sangkan nampi, sarta lebet kana wangunan agama Islam, dina jero 365 dinten non stop 24 jam saban dintenna ku perantaraan Muslim Television Ahmadiyah (MTA), Jema'at Ahmadiyah nyebarkeun agama Islam dina sasabarmaha basa, sapertos basa Arab, Urdu, Inggris, Prancis, Belanda sareng sajabana kalebet basa Indonesia.



Studio Muslim Televisi Ahmadiyah Internasional (MTA)

JANGJI BÉ'AT JEMAAT AHMADIYAH

Jalma anu bé'at jangji dibarengan ku haté anu jujur, yén :

1. Dina mangsa anu bakal datang nepi ka asup ka liang kubur, salawasna arék ngajauhan tina syirik.
2. Salawasna arék ngajauhkeun diri tina sagala rupa bohong, zinah, panénjo birahi kanu lain muhrim, pagawéan fasék, kajahatan, kaniaya, hianat, nyieun huru-hara jeung baruntak, sarta moal rék diéléhkeun ku hawa napsuna, sanajan kumaha baé dorongan ka dirina.
3. Salawasna arék ngadegkeun solat lima waktu kalawan moal aya anu diiwalkeun, sakumaha paréntah Alloh Ta'ala sareng Rosul-Na, jeung maca solawat pikeun jungjunganana Nu Mulya Rosululloh^{Saw} jeung unggal poé arék ngabiasakeun dirina muji jeung muja Allah Ta'ala nginget-nginget kana sagala kurnia-Na dibarengan ku haté anu pinuh ku kacintaan.
4. Moal rék ngadatangkeun kasusah naon ogé anu lain dina tempatna ka sakabéh mahluk Allah jeung kaum Muslimin hususna, kulantaran dorongan-dorongan hawa napsuna, boh ku lisan boh ku leungeun atawa ku naon baé.
5. Baris tetep satia satuhu ka Allah Ta'ala boh dina kayaan susah atawa senang, lara atawa bagja, ni'mat atawa musibat, cindekna baris rido kana papastén

Allah Ta'ala. Jeung salawasna bakal tuhu narima sagala rupaning kahinaan jeung kasusahan di jalan Allah. Moal lésot muntang ka Allah Ta'ala dina waktu katarajang musibat, malah baris tuhu maju ka hareup.

6. Baris eureun tina migawé adat anu goréng jeung tina ngumbar hawa napsu, jeung satemen-temenna baris ngajungjung paréntah Quran suci dina dirina, Firman Allah jeung dawuhan Rosul-Na baris jadi padoman pikeun dirina dina sagala laku lampahna.

7. Saéstuna baris ninggalkeun sipat takabur jeung sompong, baris hirup kalawan handap asor, ngabiasakeun lemah lembut, meningkeun akhlak jeung tata krama anu luhung.

8. Baris ngaluhungkeun agama, kahormatan agama jeung mikadeudeuh Islam leuwih ti batan patina, raja-kayana, anak-anakna jeung sagala rupa anu dipikadeudeuhna.

9. Salawasnabarismintonkeun welas asih ka makhluk Alloh sakumna jeung satékah polah ngadatangkeun mangpaat ka sakabéh manusia ku tanaga katut ni'mat anu geus dinugrahakeun ku Alloh Ta'ala ka dirina.

10. Baris ngaraketkeun tali duduluran jeung Hamba Allah ieu, samata-mata karana Allah sarta ngaku baris taat tina hal ma'ruf (sagala hal anu hade) jeung baris nyumponan tur tuhu kana ieu jangji nepi ka tutup umur.

Ieu tali duduluran kacida luhungna, nepi ka moal
aya babandinganana boh dina tali duduluran duniawi,
boh dina babarayaan atawa dina mangrupa-rupaning
hubungan abdi reujeung dununganana.

Jangji be'at Jemaat Ahmadiyah disundakeun ku: Abidin

**SABABARAH ALAMAT
JEMAAT AHMADIYAH DI WEWENGKON
JAWA BARAT**

1. Kota Cirebon

Jl. Dr. Ciptomangunkusumo, Gg. Angrek No, 75,
Cirebon-Jabar, 451131

2. Kab. Kuningan

Jl. Wisaparana No. 50 Ds. Manislor Kec. Jalaksana,
Kab. Kuningan Jawa Barat 45554

3. Kab. Majalengka

Ds. Sadasari, Kecamatan Argapura, Majalengka Po.
Box 02, Maja 45462, Jawa Barat.

4. Kab. Indramayu

Jl. Balikpapan V No. 337 Komp. Bumi Patra (pertamina)
Indramayu Jawa Barat 45218

5. Kota Banjar

Jalan Pangandaran 287, Tanjung Syukur, Banjar,
Jabar 46322

6. Kota Ciamis

Jl. Stasiun No. 7, Ciamis

7. Kota Tasikmalaya

Jl. Nagarawangi No. 52, Tasikmalaya

8. Kota Singaparna

- Jl. Perikanan No. 971, Singaparna
- Jl. Raya Timur Cipakat, Singaparna, Jabar 46471

9. Kab. Tasikmalaya

- Kp. Wanasigra Desa Tenjowaringin Kec. Salawu, Kab. Tasikmalaya 46471
- Kp. Citeguh, Jl Raya Tasikmalaya- Garut KM, 41 Desa Tenjowaringin, Kec. Salawu Tasikmalaya, 46471
- Kp. Sukapura Ds. Cisaat Kec. Sukaraja Tasikmalaya Jabar

10. Kab. Garut

- Jl. Ciledug No. 137, Kota Garut
- Jl. Raya Garut-Tasik, Kp. Kupa Rt./Rw. 07/09, Ds. Sukamaju, Kec. Cilawu, Sukamaju
- Jl. Raya Kamojang, Kp. Ciparay Bongkor, Rt.1 Rw.3 Desa Sukakarya, Kec. Samarang, Kab. Garut 44161

11. Kota Bandung

- Mesjid Mubarak, Jl. Pahlawan No. 71, Bandung 40123, JABAR. Tel. 022-2502294.
- Mesjid An-Nasir, Jl. H. Sapari 47, Bandung. Tel: 022-614012.

12. Kab. Bandung

- Kp. Sukamulya Rt 03/07 Ds. Panenjoan Kec. Cicalengka Bandung Timur Jabar 40395
- Jl. Raya Banjaran 413, Banjaran Bandung JABAR, 40377
- Jl. Babakan No. 182 Majasetra. Majalaya-Bandung 15227
- Jl Cipatik-Soreang KM. 5 P.O Box.32 Soreang- Bandung 40901

13. Kab. Bandung Barat

Desa. Jampudipa Rt. 03/XI No. 38, Kec. Cisarua, Bandung 40551

14. Kab. Sumedang

Jalan Kartini 23 05/01 Sumedang Jawa Barat

15. Kota Cimahi

Mesjid Mubarak, Jl. Kol. Masturi No. 26, Cimahi 40525, Jabar

16. Kab. Cianjur

- Jalan Dr. Mawardi No. 192-A Cianjur, Jawa Barat
- Kp. Karyabaru. Ds. Talaga sari Kec. Kadupandak Cianjur Jabar 43268
- Kp. Ciparay, Ds. Ciparay, Kec. Campaka, Cianjur 43263
- Jl. H Lomri No. 08 Cikalong Kulon Cianjur 43291
- Ds Suka Dana Campaka Cianjur 43263

17. Kota Bogor

- Mesjid Fadhl, Jl. Perintis Kemerdekaan No. 34, Bogor 16112, Jabar. Tel:0251-321975
- Sindang Barang Pilar I, Rt 01/06 Kel. Sindang Barang, Kec. Bogor Barat, Jabar 16117

18. Kab. Bogor

- Jl. Raya Parung-Bogor, KM27, Desa Pondok Udk, Kecamatan Kemang, Kabupaten Bogor
- Kp. Cisalada, Ds. Ciampela Udk, Pasar Selasa, Kec. Ciampela, Kab. Bogor, Jabar

19. Kota Depok

Mesjid Al-Hidayah Jalan Raya Muckhtar, Kec. Sawangan Depok, Jawa Barat.

20. Kota Sukabumi

Mesjid Bilal, Jl. Sriwedari No. 6 Sukabumi 43114, Jabar.

21. Kab. Sukabumi

- Kp/Ds./Kec. Parakansalak, P.O. Box Pos Parungkuda 43157 Sukabumi, Jabar.
- Jl. Raya Pelabuhan Ratu, Cigombong, Warungkiara, Sukabumi Jawa Barat.

22. Kota Karawang

Jl Paledang No. 94/12 RT. 19/20 Karawang 41311

23. Kota Bekasi

- Jalan Pangrango Terusan No. 44 Kel. Jati Bening Kec. PD Gede, Bekasi 17412
- Jln. Mangunjaya Rt. 04/02 Tambun Selatan Bekasi 17510 Jawa Barat